



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 16 desanm 2013

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE RAPÒ SOU PWOGRÈ TOURIS KI MONTRE 8,8 MILYON VIZITÈ ANPLIS TE VINI NAN NEW YORK

Endistri Touris New York te Kreye \$7,7 Milya Dola nan Taks Leta ak Taks Lokal epi Li te Ajoute 24.800 Djòb nan Ane 2013 la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon rapò sou pwogrè fen ane nan pwogram touris Leta ki montre kantite vizitè nan New York te ogmante 8,8 milyon ane sa a. Answit, yo prevwa endistri a pral kreye \$7,7 milya dola nan taks leta ak taks lokal avèk depans dirèk yo prevwa ki pral rive a \$61,3 milya dola. Yo prevwa endistri a pral ajoute 24.800 djòb tou nan fen ane a. Gouvènè a te òganize yon reyinyon kabinè a jodi a, kote Cristyne Nicholas, Prezidan Konsèy Konsiltatif Touris Gouvènè a, te bay yon prezantasyon sou bon jan rezilta efò leta te bay pou atire plis vizitè nan eta a, pou devlope endistri touris la epitou pou kreye djòb.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Ane sa a, administrasyon mwen an te fè yon priyorite pou montre Eta New York kòm yon destinasyon pou ale pou vizitè ki sòti toupatou nan lemonn. Efò nou yo bay bon jan rezilta aklè: nan fen ane 2013 la, prèske nèf milyon vizitè anplis ap gen pou vini nan New York parapò ak ane 2012. N ap kreye prèske \$8 milya dola nan taks lokal ak taks leta epi n ap rive nan plis pase \$61 milya dola nan depans dirèk, ki ase pou peye salè chak ponpye ak ofisye lapolis nan New York. N ap kreye anpil dizèn milye nouvo djòb nan endistri a, pou devlope youn nan pi gwo patwon eta a. Chif sa yo montre wòl enpòtan endistri touris la jwe nan ekonomi New York, epi n ap kontinye travay nou pou asire l ap pwospere.”

Nan ane ki te pase a, endistri touris New York te devlope nan revni, kreyasyon djòb, kantite vizitè ak kantite moun ki te nan otèl:

- Nan ane 2013, nou prevwa endistri touris la pral kreye \$7,7 milya dola nan taks leta ak taks lokal. Yo prevwa depans dirèk yo pral rive a \$61,3 milya dola, yon ogmantasyon 7 pousan depi ane 2012. Dapre chif Depatman Travay, sa ase pou peye salè chak ponpye ak ofisye lapolis nan Eta New York.
- Depi mwa desanm 2012, yo prevwa travay nan Lwazi ak Ospitalite pral ajoute 24.800 djòb pou yon total 818.700 djòb nan fen ane 2013, sa ki reprezante yon ogmantasyon 3,1%.
- Kantite vizitè nan New York nan ane 2013 pral ogmante a 8,8 milyon, sa ki reprezante yon

Haitian Creole

ogmantasyon 4,2% depi ane 2012. Nan fen ane a, yo prevwa kantite total vizitè yo pral 218.800.000.

- Nan ane 2013, otèl New York yo pral vann 43 milyon chanm avèk revni nan chanm otèl asosye pou \$8,3 milya dola. Apati mwa oktòb 2013, pousantaj moun ki vini nan chanm otèl New York se 73,7%, ki prèske 10% pi wo pase pousantaj tout peyi a.

Ane sa a, Gouvènè a te lanse efò touris eta a lè li te òganize Konferans sou Touris nan Albany, kote li te anonse \$60 milyon dola nan finansman touris – nivo siperyè finansman touris la nan plizyè deseni – ak lòt pwogram tankou: yon nouvo kanpay maketing I Love NY avèk Port Authority and MTA, efò maketing Taste NY, yon kanpay touris entènasyonal, I Love NY in Times Square, ak I Love NY LGBT. [Klike la a pou li plis bagay sou rezilta Konferans Touris la.](#)

Nan ane 2013, te gen lansman kanpay Path [Through History Gouvènè](#) a tou, yon pwogram ki sipòte touris ak devlopman ekonomik lè li montre espas istorik enpòtan yo, kote ak evènman toupatou nan New York. Anba Path Through History, Eta a te devlope epi lanse yon sitwèb, ki deziyen epi mete siyalizasyon sou touris nan otowout Eta a ak otowout federal yo, investi nan pwojè rejyonal yo ak nan pwomosyon espas istorik yo, epi mete nouvo mak Museum Week and Heritage Weekends (1-2 ak 8-9 jwen, 2013) kòm Path Through History Weekends and Museum Week. Plis pase 200 evènman enpòtan te devlope tout kote nan eta a kòm pati pwogram nan.

Pou sezon lete sa a, Gouvènè Cuomo te òganize evènman ki enpòtan anpil pou prezante kote nan Pati Nò New York kòm destinasyon touris klas mondyal. Nan dat 21 ak 22 jiyè, Gouvènè a te òganize premye [Adirondack Challenge](#), yon festival nan de jou avèk yon defi nan dlo fò ki prezante Gouvènè a, ofisyèl New York yo, ak manm medya a. Nan dat 8 out, Gouvènè a te patisipe tou nan BassMasters Tournament nan Thousand Islands ki te atire plis pase 34.000 moun nan evènman kat jou a. Nan evènman sa a, li te anonse [2014 BassMaster Elite Series](#) pral retounen nan New York nan ane 2014, ansanm ak “Governor’s Challenge,” yon konpetisyon lapèch ki prezante Gouvènè a, ofisyèl ki pase nan eleksyon yo nan Eta New York ak kèk nan pi gwo non nan lapèch pwofesyonèl la pou montre anpil opòtinite lapèch ak vakans eta a. Nan pwochen jou a, nan dat 9 out, Gouvènè Cuomo te parèt nan [Watkins Glen International](#) pou anonse yon patenarya avèk NASCAR pou yon pwojè sekirite piblik pou batay kont moun ki distrè pandan y ap kondi. Eta a te patisipe sitou nan PGA Championship, ki te gen yon enpak ekonomik [\\$102 milyon dola nan rejyon Rochester](#). Gouvènè a te anonse yon [akò final](#) avèk PGA of America pou pote 101yèm PGA Championship ak 45yèm Ryder Cup nan Bethpage State Park nan Farmingdale.

Yon gwo pwojè Gouvènè a te reyalize ane sa a se te Taste NY, ki melanje sektè agrikilti eta a avèk touris la pou montre bon jan varyete diven, byè, alkòl fò ak pwodui alimantè yo grandi epi pwodui isit la nan New York. Gouvènè a te òganize yon [Cup Wine Tour Gouvènè](#) nan rejyon Finger Lakes epi li te envite plis pase 200 restoratè, achtè diven, medya a pou yo patisipe. Gouvènè a te lanse yon kanpay anons pou ankouraje diven Eta New York epi li te anonse gayan 2013 Governor’s Cup. Taste NY te patisipe nan plis pase 15 evènman ane sa a, tankou Manhattan Cocktail Classic, Great New York State Fair, Hudson Valley Food and Wine Fest, Farm Aid, Cider Week, ak NYC Wine & Food Festival.

Haitian Creole

Leta te lanse tou plizyè kanpay reklam ak maketing pou ankouraje endistri touris eta a. Sa te gen ladan yon kanpay “Get Outta Town” ak yon patenarya avèk MTA ak Port Authority ki prezante 6.400 afich anons nan platfòm, tren, metwo ak otobis, reklam nan videyo nan plis pase 100 antre metwo nan Manhattan, koulwa prensipal Grand Central Terminal, ak zòn pasaje Long Island Rail Road nan Penn Station, ak yon navèt 42nd street ki vlope nèt avèk I Love NY.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418